



Kòmman pou Relouvri Kont Asistans Reyanplw w la ki Inaktif.

Apèsi: Apre w fin aplike pou benefis Asistans Reyanplwa, wap pwograme pou w fe demann pou peman benefis nan Reconnect chak de (2) semèn. Ou dwe reklame tou de (2) semèn yo nan lespas 7 jou sinon benefis yo ap ekspire, epi estati reklamasyon w lan pral chanje an "Inaktif."

Estati Reklamasyon an ap parèt Inaktif nan Reconnect:




Si estati reklamasyon w lan chanje an Inaktif, ou ka fè yon demann pou "relouvri" l nan Reconnect pou reaktive reklamasyon w lan. Ou ka kòmmanse fè demann pou peman benefis apati dimanch nan semèn ou fin fè demann pou relouvri a. Ou pap ka fè demann pou peman benefis pou semèn ou te rate anvan yo relouvri reklamasyon w la, men semèn ou rate yo pap lakoz yo retire lajan nan montan benefis ou genyen ki deja egziste a.

Nòt: Kontinye li pou w ka wè etap pou relouvri yon reklamasyon.

1. Klike sou "**Reouvri**" pou mande pou yo reaktive reklamasyon w lan pou w ka fè demann pou peman benefis yo.




2. Tcheke bwat kare a pou aksepte Deklarasyon sou Fwòd Asistans Reyannplwa a epi klike sou "**Swivan.**"



3. Revize enfòmasyon sou kòdone ak preferans ou yo.


Klike sou "**Swivan.**"

Nòt: Klike sou "**Modifye**" pou w ka fè chanjman.




4. Revize metòd peman aktyèl ou a ak opsyon pou yo kenbe taks la. Klike sou "**Swivan**."

Nòt: Klike sou "**Modifye**" pou w ka fè chanjman.




5. Reponn kesyon sou travay ou nan ekran Kesyon pou Reklaman an. Klike sou "**Swivan**."



6. Eske w tap travay?

A. Si "Wi," wap wè ekran Lis Anplwayè a. Yap mande w pou bay dat ou te travay la, salè, ak rezon separasyon an. Lè w fin reponn kesyon yo klike sou "**Swivan**."

B. Si "Non," gade etap 7.



7. Reponn kesyon sou kalifikasyon yo epi klike sou "Swivan."

dika ki oblije w pou cheche antre: Yes No*

9a. Non Sendika: _____

9b. Sal Anbochaj la: _____

9c. Nimewo Telefòn nan: (____) - ____ - ____

Èske w gen yon nouvo anplwayè? Yes No*

Kòmmanse nouvo travay sa a? ____ / ____ / ____ (mm/jj/aa)

8. Li, epi tcheke bwat kare a pou aksepte chak akò. Klike sou "Swivan."

Dakò pou li enfòmasyon sou dwa benefis yo

Mwen konprann ke mwen pral resevwa yon lyen ki gen an. Enfòmasyon sou dwa pou benefis yo eksplike dwa mwen konprann ke mwen dwe li enfòmasyon sou dwa benefis yo.

Mwen dakò*

9. Nan ekran soumèt Rezime a, li, epi tcheke bwat kare a pou w aksepte ke w te li l, epi antre Nimewo Sekirite Sosyal ou. Klike sou "Soumèt Aplikasyon Asistans Reyanchaj la" pou w fè demann pou relouvri reklamasyon w la.

Verifikasyon Idantite


Mwen te reponn tout kesyon yo konplètman e onètman. Mwen resevwa avantaj yo mwen dwe satisfè kondisyon yo pou mwen ka bay yon demann pou benefis yo.

Mwen soumèt aplikasyon sa a, mwen dakò ke mwen dwe enfòmasyon mwen bay yo konplè e egzak nan pi meyè kalite pou yo ka fè enfòmasyon oswa si mwen entansyonèlman pa founi yo yon Lwa Florid.*

Antre Nimewo Sekirite Sosyal Ou: ###-##-####*

10. Yon fwa w fin soumèt demann ou an:

- A.** Nan ekran konfimasyon an, klike sou **“Bwat Resepsyon Moun K'ap Reklame.”**
- B.** Mesaj ou yo pral endike **pwochen dat ou pwograme pou w fè demann pou peman benefis la ak dat ou dwe akonpli demann lan**, pou kont ou pa vin inaktif ankò.



Nòt: Si w gen plis kesyon, ale nan [Sant Èd Asistans Reyanplwa a](#).